

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi anu bakal dipedar dina ieu bab, nyaéta dumasar ka na panalungtikan ti bab hiji nepi ka bab opat ngeunaan profil, rarancang, mangpaat, jeung validitas tina judul “Mekarkeun Média Pangajaran Berbasis Digital pikeun Pangajaran Basa Sunda”

5.1. Kacindekan

Dina bab pamungkas ieu panalungtik bakal ngébréhkeun kacindekan tina ieu panalungtikan, ieu kacindekan nyaéta jawaban tina rumusan masalah ngeunaan mekarkeun média pangajaran berbasis digital pikeun pangajaran Basa Sunda.

Dina prakna, panalungtik ngalakukeun sababaraha léngkah pikeun ngahontal data panalungtikan anu lengkep. Léngkah anu kahiji nyaéta wawancara pikeun nyangking informasi ngeunaan profil pangajaran Basa Sunda berbasis digital di sakola. Sampelna nyaéta guru Basa Sunda di Bandung jeung Subang. Tina data wawancara anu geus dihontal panalungtik nyindekeun yén profil pangajaran berbasis digital dimangsa kiwari téh dibutuhkeun khususna dina pangajaran Basa Sunda. Ku kituna, guru-guru basa Sunda geus mulai ngagunakeun média pangajaran jeung média évaluasi anu berbasis digital contona *wordwall*, *Kahoot*, *jsb*. Léngkah éta dilakukeun keur ngirut siswa sangkan leuwih sumanget di ajar Basa Sunda. Salian ti éta média pangajaran aya dua jenis nyaéta anu sipatna umum contona *quizzis*, ogé anu sipatna resmi ti sakola contona LMS. Média évaluasi berbasis online téh leuwih éféktif tibatan media konvensional. Pamungkas tina hasil wawancara nyaéta guru-guru miharep yén ieu *web* bisa terus dimekarkeun ogé keur balarea, jeung bisa dimangaatkeun salaku média pangajaran jeung média évaluasi pikeun pangajaran Basa Sunda.

Léngkah anu kadua nyaéta mekarkeun média luyu jeung kabutuhan tina hasil wawancara. Méthode panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik nya éta *research and development* atawa anu biasa disebut metode R&D. Ieu méthode panalungtikan museur ka na produksi jeung pamekaran hiji produk. Dumasar ka na pedaran méthode panalungtik ngagunakeun design atawa modél panalungtikan

ADDIE nya éta (*Analysis, Design, Development, Implementation, dan Evaluation*). Panalungtik ngembangkeun média dumasar ka na layout anu baris disiapkeun, salian ti éta panalungtik ogé nguji média ngagunakeun *uji black box* nalika prosés desain jeung *ngadevelop*, satuluyna sangkan bisa ngahontal kacindekan naha sistem anu dimekarkeun geus luyu jeung harepan panalungtik atawa acan.

Léngkah katilu nyaéta uji validitas ahli média jeung ahli matéri. Bisa dicindekeun yén ieu *web* téh geus bisa disebarkeun ka masarakat sabab katégorina alus pisan nurutkeun table *rating scale*, kalawan ahli miharep panalungtik kudu ngayakeun révisi anu nurut ka na sawangan ti ahli nu baris dipedar saacana sangkan ieu *web* bisa leuwih maksimal nalika didistribusikeun ka masarakat.

5.2. Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun sawangan pikeun guru ningkatkeun inténsitas diajar-ngajar ngagunakeun média pangajaran berbasis digital nyaéta ngagunakeun *web kelassek.com* anu dihusus keun pikeun pangajaran Basa Sunda. Ieu ogé patali jeung ningkatkeun kamampu guru ngagunakeun média pangajaran jeung média évaluasi berbasis digital, sarta pikeun ngirut siswa keur diajar Basa Sunda kalawan leuwih *modern* jeung *fleksibel*. Anu pamungkas dipiharep méré motivasi diajar ka siswa pikeun ngaronjatkeun préstasi dina pangajaran Basa Sunda.

5.3. Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, panalungtik ngajukeun rékoméndasi anu bisa jadi bahan tinimbangan pikeun bahan rékoméndasi sababaraha pihak kahareupna. Rékoméndasina nyaéta ieu di handap.

1) Rékoméndasi Pikeun Guru Mata Pelajaran Basa Sunda

Dipiharep guru bisa ngalarapkeun materi ogé pangajaran Basa Sunda ngagunakeun média *web kelassek.com*. Guru ogé diperedih bisa *update* informasi ngeunaan kahéngkérangan ogé masalah anu karandapan nalika ngagunakeun ieu *web*. Salian ti éta dipiharep guru ogé bisa ilubiung dina mekarkeun ieu *web* ku cara terus méré *update* ngeunaan kontén bahan

pangajaran anu dibutuhkeun sangkan panalungtik bisa terus mekarkeun jeung méré inovasi séjén ngaliwatan ieu *web*.

2) Rékoméndasi Pikeun Panalungtik Séjén

Panalungtikan anu baris dilakukeun ku panalungtik kawatesanan ku mekarkeun instrumén évaluasi digital pikeun pangajaran Basa Sunda. Panalungtik miharep yén ieu panalungtikan bisa dimekarkeun deui kalawan leuwih lega, leuwih kréatif, ogé leuwih teleb deui keur saterusna. Hususna dina fitur *website*, ogé harepan-harepan guru ngeunaan wangun *web* anu idéal pikeun pangajaran Basa Sunda anu can kungsi kagarap ku panalungtik ayeuna, sangkan bisa méré ilmu anu patali jeung kamekaran média pangajaran ogé média évaluasi dina pangajaran Basa Sunda. Salian ti éta, panalungtik ogé miharep yén aya panalungtik sejen anu bisa nyadiakeun kontén *pikeun web kelassekar.com*, hususna dina matéri pangajaran jeung kabudayaan Sunda sangkan masarakat bisa leuwih apal ngeunaan kasundaan.